



Chè paran:

Ekzamen scoliosis (yon koub nan kolòn vertebral yon moun) pou elèv nan lekòl piblik Iwa Florida a exigez sa. District School Board Collier County ak Collier County Health Department founi anyèl scoliosis ekzamen pou elèv ki nan lekòl sekondè. Si timoun ou nan trètman pou pwoblèm do, yo pa bezwen patisipe nan pwogram ekzamen sa-a. senpman founi lekòl timoun ou an ak enfòmasyon medikal voyé yon nòt pou health ekzamin an kontakte nan lekòl la. Ou kab obteni dat espesifik pou ekzamin an pa kontakte biwo lekòl la.

Kisa scoliosis la ye ? Se yon sòt defòmasyon ki kankou yon koub ki nan kolòn vètebral yon moun li souvan kòmanse pandan timoun nan ap vin jèn epi prèske pa gen sentòm pou li lè li kòmanse men li ka vini agrave padan timoun nan ap grandi. Nan anpil ka yo pa konnen pyès kòz kif è sa. Nan kòmansman sentòm nan pa serye. Si kondisyon an detekte bonè epi yo itilize yon metòd pou fè gerizon, anpil defòm ka evite.

Prosè pou ekzamen an senp. Yon enfimiyè gade do elèv la dabò li kanpe dwat epi lè li bese devan. Enfimiyè kap fè ekzamen an te pran anseyeman pou-l obsève koub ki nan kolòn vertebral la, yon zepòl ou oubyen hanch ou ki wo. Si li idantifye gen yon koub ki pa nòmal, terapis la ap fè yon lòt ekzamen pou elèv la. Si terapis la tou idantifye gen yon posiblite elèv la ka gen yon defòm, Yon lèt refere elèv la pou rekòmande li wè doktè fanmi an ou pédiat pou fè yon lòt ekzamen. Refere yon elèv pou ekzamen medikal pa vle di li genyen scoliosis. Se yon doktè selman ki ka fè dyagnostik la epi ofri trètman.

Si ou genyen kesyon Konsènan patispasyon timoun ou an na pwogram nan ou ka kontakte biwo lekòl la nan 239-377-8200.

Sensèman,

Angela Lettiere

Direktè(tris) la

Rev. 5/10

KISA SCOLIOSIS LA YE?

Scoliosis se yon sòt defòmasyon ki tankou yon koub ki nan kolòn vètebral yon moun. Nòmalman, kolòn vètebral la koube yon ti kras soti devan pou ale dèyè, men li pa koube sou kote epi li parèt kòm si li dwat lè ou ap gade li pa dèyè. Scoliosis la kapab si tèlman lejè li ap difisil pou-w remake li, oubyen li si tèlman sevè, kolòn vètebral la kapab kòmanse sanble yon lèt "S". Scoliosis pi souvan kòmanse pandan timoun nan ap vin jèn epi prèske pa gen sentòm pou li lè li kòmanse.

KIJAN OU KAPAB REMAKE LI?

Yon siy komen Scoliosis la se zepòl ou oubyen hanch ou ki wo. Yon bò nan anlè do-a kapab pi soti pase lòt bò-a. Siy sa yo pa parèt tout tan epi ou kapab konfonn yo fasil avèk move abitud ke jèn moun nan gen lakay li, yon bagay ki komen. Yon endikasyon ki souvan pa bon se lè ou wè ke rad yo pa chita byen sou timoun nan. Timoun ke enfimiyè-a osnon terapris la idantifye ki gen yon koub ki pa nòmal nan do yo, ap voye yon lèt pou rekòmande doktè fanmi an oubyen yon pédiat. Refere youn elèv pou yon ekzamen medikal pa nesèsman vle di li genyen Scoliosis, sèlman yo sispèk yon bagay kip pa nòmal. Se yon doktè ki kalifye sèlman ki ka fè dyagnostik la.

KISA KI LAKOZ SCOLIOSIS?

Nan kèk ka, yo kapab atribye Scoliosis la a yon maladi zo oubyen misk kò jèn moun nan; men nan majorite ka yo, (anviwon 85%), yo pa ka jwenn pyès kòz. Li enpòtan pou ke yon doktè ekzamine pitit ou-a pou li detèmine si li gen Scoliosis; e si li fè maladi-a, pou kapab asire ke sentòm nan pa serye. Scoliosis pa devlope pa youn rezilta de youn bagay paran ou te fè oubyen pat fè.

KI PWOBLEM SCOLIOSIS LA POZE?

Lakay anpil timoun, Scoliosis la parèt trè lejè epi li pa agrave. Sepandan, lakay kèk lòt timoun, Scoliosis ki pa trete pwogrese epi yo kapab afekte kò timoun nan, defòme do li, fè li gen do fè mal tout tan, epi pwatrin ki defòme-a kapab peze kè li ak poumon li. Nan ka ki pi sevè yo, Scoliosis la kapab menm menase vi timoun nan.

ÈSKE SCOLIOSIS LA KAPAB GERI?

Pa genyen okenn remèd majik sou mache-a ki pou trete Scoliosis. Scoliosis se yon kondisyon ki merite koreksyon. Men ki metòd yo itilize pou fè gerizon pou Scoliosis:

Obsèvasyon: Anpil timoun yo detekte koub nan do yo pandan ekzamen-an pral bezwen pou fè yon doktè fè obsèvasyon peryodik pou yo pou asire ke koub la pa vini pi mal.

Ankraj (Bracing): Yo trete yon koub yo detekte ki vin avanse osnon ki ap vin pi mal avèk ankraj (brace). Rezon ki fè yo mete ankraj la se pou yo anpeche koub la vin pi mal.

Ankraj plis yon pwogram ekzèsis: Nan kèk ka, lè yo konbine ekzèsis avèk ankraj, sa konn bay bon rezilta pou kontwole Scoliosis la.

Operasyon: Piske yo kapab detekte epi trete Scoliosis la bonè, yo opere yon ti fèb kantite timoun ki gen maladi Scoliosis la. Fè operasyon pou soude kolòn yo ansanm se petèt sèl fason yo kapab anpeche yon koub ki deja twò fò pou ankraj la lè yo te detekte li pwogrese. Yon timoun kapab fèt avèk yon defeksyon nan kolòn vètebral li ki pèmèt li pa reponn a lòt tretman, osnon pou yon rezon oubyen yon lòt, timoun nan gen dwa pa reponn a tretman ankraj (brace) la.